

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Unggal panalungtikan téh salawasna baris merlukeun métode anu luyu jeung udagan anu baris dihontalna.

Arikunto (1996:150) nétélakeun yén métode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data dumasar kana tujuan nu hayang dihontal. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Harti métode sacara jembar dianggap mangrupa stratégi pikeun nyangkem réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtulan sabab-akibat anu satuluyna. Salaku alat, sarua jeung téori, métode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun, supaya leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsiun hiji gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daerah anu tangtu. Métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngaréngsékeun pasuanan anu aktual ku jalan nyusun atawa nyieun papasingan nganalisis sastra tur napsirkeun data-data ([metode\\_penelitian\\_8.html@yahoo.com](mailto:metode_penelitian_8.html@yahoo.com)).

Jadi, métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsiun tradisi Gusaran Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA. Métode panalungtikan ieu dipiharep bisa ngahontal tujuan panalungtikan anu baris dihontal.

### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji upaya dina panalungtikan ngagunakeun métode anu baris ditangtukeun sangkan tujuanna bisa kahontal.

#### **1) Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, ténik dokuméntasi, jeung téhnik wawancara.

##### **a) Téhnik Observasi**

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha prak-prakan tradisi gusaran jeung prak-prakan ngajardeun matéri maca laporan ngeunaan maca bahasan tradisi gusaran.

##### **b) Téhnik Dokuméntasi**

Dokuméntasi mangrupa catetan kajadian-kajadian anu penting. Dokuméntasi bisa mangrupa tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal. Pikeun ngarajong kana informasi data, anu di dokuméntasikeunana nya éta hal-hal atawa barang anu dianggap perlu pikeun ngarajong kana ieu panalungtikan.

##### **c) Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para palaku anu kalibet dina tradisi gusaran anu aya di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis, pikeun nyangking bahan lisan (sumber lisan), ieu téhnik salah sahiji bagian anu penting dina unggal survéy.

Suyatna (2002:20) nétélakeun yén ditilik tina pelaksanaanana, wawancara téh kabagi tilu, nya éta wawancara bébas, wawancara terpimpin, jeung wawancara bébas terpimpin. Nu dimaksud wawancara bébas nya éta nu ngawawancara bébas

ngaluarkeun pertanyaan nu aya patalina jeung data anu dikumpulkeun atawa ditalungtik. Dina pelaksanaan, nu ngawawancara teu maké pedoman naon nu bakal ditanyakeun. Nu dimaksud wawancara terpimpin téh nya éta nu ngawawancara mawa runtulan patalékan. Sedengkeun nu dimaksud wawancara bébas terpimpin téh nya éta gabungan tina wawancara bébas jeung wawancara terpimpin. Hartina, nu ngawawancara mawa pedoman nu eusina ngan ngeunaan gurat badag nu bakal ditanyakeun.

Suyatna (2002:21) ogé nétélakeun yén sikep nalika datang, sikep nalika diuk, ngomong, kasabaran, pasemon, sarta sakabéh penampilan, bakal mangaruh kana eusi jawaban réspondén.

Sacara umum, pedoman wawancara téh kabagi dua, nya éta: teu terstruktur jeung terstruktur. Pedoman wawancara teu terstruktur nya éta pedoman wawancara nu ngan nuliskeun gurat badag nu bakal ditanyakeun. Sedengkeun pedoman wawancara terstruktur nya éta pedoman wawancara nu disusun sacara rinci. Tapi, pedoman wawancara anu loba digunakeun téh nya éta *semi structured*. Mimiti nu ngawawancara nanyakeun dumasar pertanyaan anu geus disusun sacara terstruktur, tuluy hiji-hiji diteuleuman deui atawa dikoréh nepi ka jero. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun pedoman *semi structured*. Panalungtik, mimiti nanyakeun ngeunaan tradisi gusaran dumasar pertanyaan anu geus disusun, tuluy di talungtik deui leuwih jero (Suyatna, 2002:21).

## 2) Alat Ngumpulkeun Data

Alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: 1) kaméra digital, 2) handycam, 3) pedoman wawancara.

a) *Kaméra Digital*

*Kaméra digital* gunana pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan tradisi gusaran jeung moto/foto alat-alat anu digunakeunana.

b) *Handycam*

*Handycam* gunana pikeun ngarékam nalika lumangsungna tradisi gusaran.

c) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para palaku tradisi gusaran jeung masarakat di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis. Mimiti panalungtik nanya ka narasumber ngeunaan kumaha prak-prakan tradisi gusaran, waktu pelaksanaanana, alat anu digunakeunana, jsb. Sarta pertanyaan-pertanyaan saperti ieu di handap:

Format pertanyaan (wawancara)

- Naon nu dimaksud tradisi gusaran téh?
- Iraha dilaksanakeunana tradisi gusaran?
- Kumaha prak-prakan tradisi gusaran di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis?
- Saha waé palaku tradisi gusaran téh?
- Pakakas naon waé anu digunakeun dina tradisi gusaran?
- Naon harti pakakas anu digunakeun dina tradisi gusaran?
- Naon mangpaat dilaksanakeunana tradisi gusaran sarta naon madorotna upama teu ngalaksanakeun tradisi gusaran?
- Ajén-inajén naon baé anu aya dina tradisi gusaran?
- Kumaha balukarna lamun tradisi gusaran teu dilaksanakeun?

- Budak anu digusar téh biasana léah atawa mugen henteu nalika rék digusar téh?
- Naon baé palakiahna lamun budak anu rék digusarna mugen?

### **3.3 Téhnik Ngolah Data**

Analisis data dilakukeun di ungal panalungtikan anu baris dilaksanakeun nu mangrupa tahapan-tahapan ieu di handap:

- 1) Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data luyu jeung puseur masalah. Dina hal ieu, panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satulunya dikumpulkeun dumasar masalahna.
- 2) Ngararancang bahasan tradisi gusaran pikeun bahan ajar di SMA.
- 3) Nyieun kacindekan jeung rékoméndasi saran tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun.

### **3.4 Sumber Data**

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta para sesepuh jeung palaku tradisi gusaran.

### **3.5 Prosedur Panalungtikan**

Prosedur ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan anu dilakukeun salila panalungtikan ti awal nepi kaahir. Aya opat léngkah anu dijadikeun prosedur dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Tahap tatahar;
- 2) Tahap ngumpulkeun data;
- 3) Tahap ngolah data; jeung
- 4) Tahap nyusun laporan panalungtikan.

### **3.5.1 Léngkah Tatahar**

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Nyodorkeun judul panalungtikan;
- 2) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 3) Ngayakeun survéy awal;
- 4) Ngurus surat ijin panalungtikan; jeung
- 5) Konsultasi jeung pangaping.

### **3.5.2 Léngkah Ngumpulkeun Data**

Léngkah anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Observasi nalika tradisi gusaran dilaksanakeun;
- 2) Wawancara jeung informan (panitia, tokoh, jeung masarakat); jeung
- 3) Panalungtikan ngeunaan maca bahasan tradisi gusaran pikeun bahan ajar maca bahasan di SMA.

### 3.5.3 Léngkah Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data, nya éta:

- 1) Mariksa data anu geus kakumpul;
- 2) Ngadéksripsikeun data; jeung
- 3) Nyieun kacindekan data nu geus kapaluruh.

